Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 44 (7393)
16 Октябрь 2019 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

«I50 школ» проект

## Школалъе – цIияб гIумро



Капиталияб ремонталдаса хадуб школа рагьиялде буссараб тадбир букIана гьал къоязда ГIашилтIа школалда. РакIалде щвезабизин: ГIашилтIа школа ккола «I50 школ» проекталде гьоркьобе районалдаса ккарал школазул цояб. Гьеб къачIан лъугIана цIалул сон байбихьилалде, рагьана «Учителасул къоялъул» хIурматалда.

Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред, М. Юсупов, социалиял суалазда хурхун бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, подрядчиказул вакил С. НурмухIамадов, РДялда бугеб Росгвардиялъул Управлениялъул начальникасул зам. М. МухIамадов, ТГКялъул ОООялъул директор М. Загьидов, школалъул учительзаби ва цIалдохъаби, росдал гIадамал.

Роха-хинлъиялъул тадбиралда цебе киналго балагьана школалда гьабураб хIалтIулъ. Гьенир хисун руго гордал, нуцIби, гьабун буго киса-кибго качественнияб ремонт, къачIан буго чердак, кисанго гьабун буго лъикIаб хIалтIи.

Хадуб букIана рохалилаб данделъи. Гьениб саламалъулал рагIаби абун кIалъана школалъул директор М. МухIамадшапиев. Гьес рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасе. Жиндирго кIалъаялда муниципалитеталъул бетIерас лъикIаб къимат кьуна гьабураб хIалтIуе. Гьелъие рес кьуралъухъ баркала загьир гьабуна республикаялъул БетIер В. Васильевасе.

ЛъикIаб хIалтIухъ баркала загьир гьабун кIалъана Л. МухIамадгIалиев, М. Загьидов, динияб рахъалъ вакилзаби ва цогидалги. Гьенибго ГI. НурмухIамадовасе ва Л. МухIамадгIалиевасе кьуна «Баркалаялъул кагътал», школалъул директорасе -сайгъат.

ГIемер ахIи бараб суал

## Проектал гьариялда тIаделъана



I4 октябралда Шамильхъалаялъул № 9 ясли-ахикь бугеб хIалалъул хал гьабизе рачIун рукIана «Дошкольная общеобразовательная организация на 300 мест» проекталъулгун цIех-рехазул республикаялъул сейсмическияб хIинкъи гьечIолъиялъул Централъул ГАУялъул вакилзаби. Гьел ккола «Элитстройсервис» ОООялъ тIаде босараб проектниябгун цIех-рехазул хIалтIуе заказчикал.

«Унсоколо район» МОялъул бетIерасухъ букIараб хинаб тIаде къабул гьариялдаса хадуб гьалбал ва нухмалъулел щвана проект гьабулеб бугеб объекталде. Ясли-ахалъул зав. ТIагьирова ПатIиматгун цадахъ балагьана тIолабго территориялъухъ. Проект гьабулез хIисабалде росана гьеб иш тIубазабулаго дандчIвазе бегьулел захIмалъаби ва кIвар кьезе кколел рахъал. Гьенире ахIун рукIана топографическияб сурат бахъиялъе специалисталги. ЗахIматал суалал тIураялъе кумек гьабилин бихьизабуна нухмалъиялъ. ТIадчIей гьабуна хIалтIаби хехлъизаризе кколин, жанир ругезе хIинкъи букIиналъухъги балагьун,-абун.

## Аппараталъулаб совещание



I4октябралдарайадминистрациялдабетIерГI.НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана замал М. ХIамзатов, ГI-М. МухIамадов, Собраниялъул пред. М. Юсупов, аппараталъул хIалтIухъаби.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна аслияб суал бугин лъай кьеялъул учреждениял хасалиде хIадуриялъул,-абун. Гьеб суалалдасан кIалъарав Л. МухIамадгIалиевас бицана школал, ясли-ахал хасалиде х1адуриялъе гьарулел хIалтIабазул. Гьеб ишалда хурхун жиндир заманалда хIалтIаби гьаризе ругин бихьизабуна гьес.

Культураялъул рахъалъ гьарулел ругел хIалтIабазул бицана начальник ГI. ГIабдулаевас. Гьес абуна: «25 октябралда букIине буго «Инагьде, дир пандур» ва гьелдаго цадахъ «Авар кочIол сордо»,-абураб тадбирги. I5 октябралда Шамильхъалаялда цебе бахъине буго «КечI ахIулеб ЧIарада» абураб чIарадисезул хорги,-абун

Хадубги ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна туризмалда. Бихьизабуна гьеб цебетIезабиялъе кинабго гьабизе кколин ва жавабиязе тIадкъаял кьуна сезоналъе проектал хIадуриялда хурхун.

Социалиялгун экономикиял суалазул бицун кIалъана экономикаялъул отделалъул нач. М. ГIадуев. Гьесул рагIабазда рекъон жакъа къоялде налогал ракIариялъул план тIубан буго I00,4 проценталъ. Гьенибго финансазул суалазул бицана финотделалъул нач. Ж. Шамсудиновас. Районалъул территориялда рарал ва разе ругел объектазул бицана ЖКХялъул МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъовас; «Капиталияб ремонт гьабун лъугIана УСШ № I спортзалалъе. БачIунеб сонадла капиталияб ремонт гьабизе хIисабалде босун буго Майданск, Рихьуни росабазул школазул спортзалазеги. Проект гьабулеб буго Шамильхъалаялъул школалъе, лъималазул ясли-ахалъе, Унсоколо росдал ясли-ахалъеги. Ахиресеlъуб гьеб гьабун лъугIун буго. Гьединго Унсоколо унел руго лъел рогIрал хисиялъул хIалтIаби. ХIалтIаби унел руго Майданск ва ЦIатIанихъ росабазул нухаздаги,-ян бихьизабуна гьес.

## «Село Харачи» МОялъул бетIер вищана

Гьаб соналъул I4 октябралда букIана районалъул ХарачIи росдал бетIер вищиялъе тIоритIулел рищиял. Кандидаталлъун рихьизарун рукIана кIиго кандидатура: МухIамадов МухIамад МухIамадович ва МухIамадов МухIамад АхIмадович.

Рищияздаса хадуб конкурсалъул комиссиялъул пред. МухIамаднаби ХIайбулаевас цIалана «село Харачи» МОялъул депутатазул Собраниялъул хIукмо: рихьизарурал кIиялго кандидатаздасан росдал бетIерлъун вищана МухIамадов МухIамад МухIамадович.

РакI-ракIалъ баркула М. МухIамадовасда рищиязда бергьин, гьарула хадубккун росу цебетIезабиялъул хIурматияб ишалъулъ тIадегIанаб бажари ва битIккей!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 44 (7393)
АрбагI
16 октябрь 2019 сон

2 гьумер

Гьал къоязда Дагъистаналде, ай МахIачхъалаялде рачIана ГIарабазул Цолъараб Эмирталъул делегатазул къокъа. Гьезда гьоркьов вуго Россиялда вугев ОАЭялъул посол МагIадада Хареб аль Хейли ва ОАЭ Посольствалъул кIиабилев секретарь АхIмад СагIид Алькетби.

Делегация щвана Дагъистаналъулги ОАЭялъулги цоцазе кумек гьабиялъул асаргун. Гьез бихьизабуна гIараб инвесторазе Дагъистаналъул кIудияб интерес бугин. Бегьулел рахъаздалъун кумек гьабиялъе хIадурлъиялъул хIалтIаби унел буго гьабсагIаталда.

ЦIиял харбал

# Электроэнергиялъулал – Рихьунир



Гьал къоязда районалде рачIун рукIана «Дагъистан энергосбытовая компания» организациялъул нухмалъулев Эльдар ХIажидадаев ва гьелъулго специалистал. Гьел щвана Рихьуни росулъе. Сапаралъул аслияб мурад букIана данниязул базаялде киналго электроэнергиялдаса пайда босулел роси, росдал гIадамазулгун дандчIвай гьаби.

ДандчIваялда гIахьаллъана ГI. НурмухIамадов, гьес «ДЭСК» ПАОялъул нухмалъулезул лъай-хъвай гьабуна росдал гIадамазулгун, бицана дандчIваялъул мурад; цIиял электрическиял установкаби лъезе ккеялъул, гьелъул бугеб кIваралъул. Компаниялъул вакилзаби балагьана счетчиказухъ киналго къагIидабазда рекъон, хал гьабуна ток кьеялъул бугеб хIалалъул, абонентазда ричIчIизаруна цIунизе кколел къагIидаби. Электрическияб ток рукIа-рахъиналда хIалтIизабиялъул рахъалъ компаниялъулаз рихьундерида бицана гъанкъарал ракьазухъ компенсация кьеялъул суалалъулги.

Гьениб бихьизабухъе гъанкъарал ракьазухъ рихьундерие жеги щун гьечIо кинабго компенсация. Гьеб суал нижер компетенциялде гьоркьобе унарин бихьизабуна компаниялъулаз. Гьел суалал тIадал республикаялъул органазда цере лъелин рагIиги кьуна гьез.

# Полициялъулазул хIисаб кьей



Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда ругел полициялъул жавабчилъиялъулал участковиязул 20I8-20I9 соназул хIалтIул хIасилал гьаруна гьал къоязда районалъул администрациялда.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул прокурор ХI. Хайчилаев, районалда вугев ОМВДялъул начальник С. ХIажиев, общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, сапазде рахинчIел лъималазул рахъалъ специалист П. НурмухIамадова, Россиялъул районалда вугев ОГО ГБДДялъул подполковник Р. Мухтаров, ва цогидалги тIаде ахIарал.

Тадбир рагьулаго поселокалъул администрациялъул нухмалъулев М-ХI. ХIажиевас салам кьуна гIахьаллъаразе ва рагIи кьуна Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул ПДНалъул начальник М. ГIабдурахIмановасе. Хадув кIалъана полициялъул лейтенант Р. ИбнухIажаров. Гьес бихьизабуна гьабулеб хIалтIулъ Шамильхъалаялъул администрациялъе цIикIкIараб кумек гьабизе бугин жанисел ишазул органаз, гьанир гIемер гьарулин культуриялгун спортивиял тадбирал. Гьединго кIалъана Р. Мухтаровги. Гьес тIадчIей гьабуна саназде рахинчIел лъималаз нухда хьвадиялда риччалел гьалатIазда.

# Росабазул руччабазул праздник



I5 октябралда районалъул администрациялда букIана Халкъазда гьоркьосеб росабазул руччабазул Къо кIодо гьабиялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьеб кIодо гьабуна унго-унголъунги кир ругониги захIмат кьун хIалтIулел, лъимал кцалел, ракI ишалъе кьолел руччабиги гIахьал гьарун. Тадбиралъ гьорлъе рачана лъай кьеялъул, культураялъул, росдал магIишаталъул, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул, къокъго абуни киналго бутIабазул руччаби. Гьел ахIун рукIана кванил столалде нахъе.

Тадбиралъул гIуцIиялъул хIалтIаби жиндего тIаде росана районалъул руччабазул цолъиялъул пред. П. НурмухIамадовалъ. Гьениб районалъул бетIерасул цIаралдасан хIаракатал руччабазда праздник баркана бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас. Гьес абуна: «ХIурматиял руччаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда Халкъазда гьоркьосеб росдал руччабазул Къо. Гьеб праздникалъ загьир гьабула росабалъ гIумро гьабулел руччабазде бугеб рокьи, гьезул гьабулеб хIурмат ва захIматалъул гьабулеб кьимат»,-абун.

Праздникалъулал кIалъаял тадбирал да гьаруна райадминистрациялъул финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас, ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ, РММБялъул бетIерай врачЗ. ГIабдулмутIалимовалъ, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадовалъ, лъай кьеялъул отделалъул ИМЦялъул нач. С. ГIабдурахIмановалъ ва цогидазги.

Жиндирго кIалъаялда П. НурмухIамадовалъ бихьизабуна: «Жакъа унго-унголъунги руччабазул хIаракаталдалъун цIунун хутIун руго росдал лъикIал гIадатал, ракIарахъиналъул кьиматал къагIидаби. Нилъер лъикIаб кьучI буго лъикIалде гIолеб гIел куцаялъе умумазул мисал гьезда цебе лъеялъул, захIматалде гьел куцаялъе. Нилъер руччабазухъа щибго бажарула, гьел кколаро гIицIго лъикIал магIишатчагIи, ккола хIаракатал общественникал, лъикIлъи бокьулел хIаракатчагIи ва гIуцIарухъаби».

Праздник ана кечI-бакъангун, хинаб гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

# Кадастровияб кьимат кьей - кIвар бугеб суал



I4 октябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь районалъул администрациялда букIана капиталияб кьагIидаялъ ралел объектазе ва ракьул участкабазе, предпринимательствалъул объектазе ва цогидазеги «Дагтехкадастр» ГБУялъ рихьизарурал объектазе кадастровияб кьимат кьеялде буссараб данделъи. Гьенир гIахьаллъизе ахIун рукIана районалъул росабазул бутIрул ва гьезул замал.

ТIоцебесеб суалалдасан кIалъаярав районалъул бетIерас гIахьалчагIазул кIвар буссинабуна отчетал гьорлъе раккун лъазариялде, гьарурал бадирчIваяздехун бичIчIигун ралагьиялде. Аслияб къагIидаялъ кIвар кьуна кадастровияб кьимат объекталъул рыночнияб кьиматалдаса тIаде цIикIкIине бегьуларин. Гьеб букIине ккола рыночнияб багьаялдаса I0-I5 % гIодобегIан. Гьединго бетIерас поселениязе лъикIаблъун бихьизабуна территориялда ругел коммерческиял бакIазул ахIвал-хIал лъазаби. БутIрузда гьединго лъазабуна «Дагтехкадастр» ГБУялъул бадирчIваял лъугIизариялъе гIадамазе кумек гьабе,-ян, гьебги 20I9 соналъул 2I октябралде рагIалде бахъинабизе кколин.

КIиабилеб суалалдасан – буголъиялъул, гIиси-бикьинаб ва гьоркьохъеб предпринимательствалъул (МСП) рахъалъ лъазабуна гIураб къадаралъул хIалтIи гьечIилан, гьеб райадминистрациялъул официалияб сайталда лъун бугиланги.

Лъабабилеб суалалдасан буголъиялъулал налогазул бугеб налъиялъул бицун кIалъана экономикияб отделалъул специалист ХI-М МаллахIусейнов. Гьес бицана щибаб росдал налогазул бугеб налъул, ракьул ва физическиял лицаби гьоркьоре рачун бугеб налъулги. I декабралде гьеб налъи лъугIизабизе кколин, гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе кколинги бихьизабуна гьес.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 44 (7393)
Хамиз
октябрь 2019 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



# Поздравление

Уважаемые труженики села, работники перерабатывающей промышленности, ветераны сельскохозяйственного производства! От имени Администрации района, депутатов районного Собрания и от себя лично примите самые искренние поздравления по случаю профессионального праздника – Дня работника сельского хозяйства и перерабатывающей промышленности!

Этот праздник объединяет всех, кто живет и трудится на земле, работает в животноводстве и на предприятиях пищевой промышленности, тех кто не покладая рук, не смотря на многочисленные трудности, занимается разведением и выращиванием скота, посевами, растениеводством.

Ваш труд всегда был ответственным и нелегким и именно поэтому пользовался особым уважением. Здесь работают люди, сильные духом, трудолюбивые и честные, которые чувствуют биение сердца родной земли. Поистине своими руками вы создаете национальное богатство, обеспечиваете продовольственную безопасность страны, от вас во многом зависит сохранение здоровья нации.

Сельское хозяйство для Унцукульского района не только отрасль экономики – это жизненный уклад большинства его жителей, потому что большая часть населения работает в аграрном секторе.

Развитие Унцукульского района – это заслуга многих поколений тружеников села, которые щедро делились своим богатым опытом с преемниками.

Поэтому особые поздравления и пожелания здоровья хочу адресовать ветеранам сельскохозяйственного производства, чьи самоотверженность и трудолюбие сформировали историю сельского хозяйства района. Многие из вас и сегодня передают накопленные знания, свой богатый профессиональный опыт молодым специалистам.

Спасибо вам за благородный и нелегкий труд, за ваш профессионализм, самоотдачу, преданность избранному делу. Желаю всем, кто трудится на земле, высоких урожаев, безотказной техники и благосклонной погоды, крепкого здоровья.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от «19 »___09______2019 г. №119___

**о создании Зонального центра военно-патриотического воспитанияи подготовки граждан к военной службе МО «Унцукульский район»**

В целях реализации Концепции федеральной системы подготовки граждан к военной службе на период до 2020 года, утвержденной Распоряжением Правительства Российской Федерации от 03.03.2010 года № 134-р, Администрация МО « Унцукульский район» постановляет:

1. Создать Зональный центр военно-патриотического воспитания и подготовки граждан к военной службе МО «Унцукульский район» на базе муниципального казенного учреждения дополнительного образования «Центр дополнительного образования детей» п. Шамилькала.

2. Рекомендовать отделу военного комиссариата МО «Унцукульский район» осуществлять взаимодействие в подготовке граждан к военной службе и военно-патриотическому воспитанию с Зональным центром военно-патриотического воспитания и подготовки граждан к военной службе МО «Унцукульский район»

**3. Утвердить:**

1) Положение о Зональном центре военно-патриотического воспитания и подготовки граждан к военной службе МО «Унцукульский район» согласно приложения 1 к настоящему Постановлению.

2) Состав Зонального центра военно-патриотического воспитания и подготовки граждан к военной службе МО «Унцукульский район» согласно приложения 2 к настоящему Постановлению.

4. Опубликовать настоящее Постановление в газете «Садовод».

5. Контроль за исполнением настоящего Постановления возложить на заместителя главы администрации МО «Унцукульский район» Гамзатова М. А.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. М. Нурмагомедов**

# Уважаемые потребители электроэнергии!

Дагестанские энергетики проводят кампанию по актуализации (инвентаризация) потребителей электроэнергии. Основная цель проведения актуализации (инвентаризации) — установление диалога с потребителем электроэнергии. В рамках инвентаризации энергетики планируют провести:

— актуализацию фактического потребителя и внесения его персональных данных в базу ПРК «Стек-Энерго»;

— привязку фактически установленного прибора учета (счетчики) к лицевому счету потребителя;

-установление фактически потребленной электрической энергии с последующим отражением результатов в базе ПРК «Стек-Энерго».

Сбор недостающей информации о пользователях, владельцах, собственниках помещений, а также получение необходимой правоустанавливающей информации на объекты энергоснабжения, актуализации данных о приборах учета позволит в конечном итоге улучшить платежную дисциплину и снизить потери электрической энергии. Кроме того, выполнение указанной работы позволит произвести корректировку объемов электрической энергии в случае выявления фактов некорректных начислений на потребителя электроэнергии.

В связи с этим, энергетики просят жителей Буйнакского района с пониманием отнестись к проводимым мероприятиям. Если у потребителей есть сомнения в личности проверяющего, то он может позвонить на телефон «горячей линии» Департамента обеспечения безопасности по Республике Дагестан «Россети Северный Кавказ» 8 (903) 492-87-77 или (8722) 51-87-44 и уточнить действительно ли такой человек представляет энергокомпанию. По всем проблемным вопросам можно также проконсультироваться по номеру горячей линии «Россети Северный Кавказ» 8 800 775-91-12.

Напоминаем, что в соответствии с методикой проведения проверки (инвентаризации) специалисты энергокомпании имеют право и будут проводить фотофиксацию приборов учета и иных абонентских данных.

ТФОМС извещает:

# Лечение больных за пределами РД

**В каком объеме будет предоставлена медицинская помощь застрахованному гражданину в Республики Дагестан при временном переезде в другой город РФ?**

В соответствии со ст. 5 Закона РФ «О медицинском страховании граждан в РФ» полис обязательного медицинского страхования имеет силу на все территории России. Следовательно, находясь в командировке, отпуске, застрахованный гражданин имеет право на бесплатное получение медицинской помощи в объеме базовой программы ОМС в медицинских организациях, работающих в системе ОМС при предъявлении полиса ОМС, полученного в РД.

**Возмещают ли денежные средства, если приобрел полис добровольного медицинского страхования, либо заключили договор с медицинской организацией на платные медицинские услуги?**

Нет. Возмещению эти средства не подлежат

**Возмещают ли денежные средства в тех случаях, когда при наличии страхового медицинского полиса заставили оплатить лечение, обследование или приобретены медикаменты в период стационарного лечения?**

Возмещает, если медицинская организация функционирует в системе обязательного медицинского страхования. Вам необходимо обратиться в отдел защиты прав застрахованных Территориального фонда обязательного медицинского страхования с письменным заявлением (г. Махачкала, ул. Ляхова 47 а) с приложением товарных чеков и квитанций об оплате. Территориальный фонд обяжет возместить медицинскую организацию денежных средства, затраченные на лечение.

**Где можно получит направление на лечение за пределами республики Дагестан?**

Отбором больных и направлением за пределами РД занимается Министерство Здравоохранения РД.

**В поликлиниках не редко предлагает медицинские услуги на платной основе. В каких случаях застрахованные по ОМС граждане должны платить за медицинскую помощь?**

Получение медицинской помощи по республиканской программе ОМС предлагает, что диагностические исследования или лечебные процедуры, включенные в Программу ОМС, должны быть назначены застрахованным гражданам врачами медицинских организаций, работающих в системе ОМС, на основании медицинских показаний. Медицинская помощь при этом предоставляется бесплатно.

**Моей маме, находящейся у меня в гостьях, стало плохо. Нам пришлось вызвать скорую помощь. Приехавший врач потребовал полис ОМС, которого у мамы с собой не было. Он сказал, что без полиса нас не возьмет ни одна больница. Правда ли это?**

Скорая мед. помощь, оказываемая врачами станций скорой медицинской помощи, в соответствии с законодательством, гражданам России и иным лицам, находящимся на ее территории, оказывается бесплатно за счет средств бюджетов всех уровней (ст. 39 Основ законодательства РФ об охране здоровья граждан). Врач скорой помощи обязан оказать необходимую помощь вне зависимости от наличии у гражданина полиса ОМС. Врач медицинской организации при наличии показаний к экстренной госпитализации не в праве отказать даже при отсутствии полиса ОМС. Стационарная (как в плановом, так и в экстренном порядке) и амбулаторно-поликлиническая медицинская помощь входит в программу государственных гарантий бесплатной медицинской помощи и оказывается бесплатно всем гражданам РФ.

**(Продолжение на 4 странице)**

Чернобыль

# ВатIаналда кIоченчIо



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовас жанир чIезе рукъ босиялъе пачалихъияб жилищнияб сертификат ва гIарцулаб сайгъат кьуна Чернобылалъул АЗСалда ккараб къварилъи лъугIизабиялъул гIахьалчи, Унсоколо росулъа ХIасанов МухIамад ХIасановичасе.

I986 соналда ккараб Чернобылалъул авариялъул хIасилал лъугIизариялда Россиялдаса гIахьаллъана 200 азарго чи. Гьезда гьоркьоре уна нилъер районалдаса гIадамалги.

АЗСалъул авариялъул хIасилал лъугIизаруразе законалда рекъон цо къадаралъул кумек гьабулеб буго пачалихъалъ. Гьезул цояб ккола гIахьалчагIазе жанир чIезе бакIал кьей. Гьеле «Жилище на 20I5-2020 годы» федералиябгун целевияб программаялда рекъон кьуна ХI. ХIасановасеги сертификат.

ГI. НурмухIамадовас ХI. ХIасановасе ракI-ракIалъ гьарана сахлъи, рохел, республикаялъул ЗахIматалъул Министерствоялъе загьир гьабуна баркала.

Чернобылалъул атомнияб станциялъул авариялъ гIемералб къварилъи бачIана улкаялде, гьенир гIахьаллъарал гIемерисел чIаго гьечIо. Гьединаб хадубккун нилъеда бихьугеги!.

Лъалищ нужеда?

# Щванищ талихI-рецIел кье!



Щибниги къиматаб жо гIодоб батани, гьеб кодобе босизе гьира лъола, гIемерисез гьединги гьабула. Амма гьеб гьабизе лъикIаб гьечIо.

Чияхъа тIагIун нилъеда ратарал яги рикъарал жалазул букIуна релъараб энергетика, гьединлъидал гьезул кIудияб батIалъиги букIунаро. КIиябго рахъалъ гьезул бетIергьаби къваридго рукIуна гьезда хадуб ракI бахъун, гIодизецин бегьула, гьединаб ахIвал-хIалалъ бетIергьанас батарав – босарасухъе кьола гIаксаяб энергия, жидерго рекIел къварилъи, пашманлъи, ракI хвей, сундасаго хьул къотIи, ракI гIодоб чIвайгун цадахъ. Гьев ракI бакъван вугев чиясул къварилъиги, захIмалъиги духъе кьеялъе берда бихьулареб рухьенлъун букIине бегьула гьеб. Гьединаб рухьеналъул ахирги цIакъ пашманаб букIуна. Нилъеца бахъараб чияр талихIалъухъ рецIел кьезе ккола; гьеб букIине бегьула гIарцудалъун, сахлъиялдалъунцин. Цо-цо гIадамаз ургъунго чиясе квешлъи ккезе бокьун рехула гIодоре жал. Гьел кодоре росизеги лъикIал гьечIо, абула тIолабго гьеб рехаразда бугеб квешлъи дуде бачIунин.

# БакIаб одеялалда гъоркь лъикI кьижула

* ГIалимзаби рачIана гIажаибаб цIи рагьиялде. БакIаб одеялалда гъоркь лъикI кьижи гуребги гьелъ бахъулеб буго хIинкъи, ракI хIалалда чIунгутIи, дагь гьабула стресс ва психическияб рахъалъ гIодоре риччазарула. ГIадада батиларо нилъер умумаз бакIал квас-квасул одеялал хIалтIизарулел рукIарал. Гьелъ квачалдаса цIуни гуребги киналго ахIвал-хIалазда гIодоре риччазарулелги руго.

* Дагьго кьижулев чияс хехго цIайи босула. Швециялъул университеталъул гIалимзабаз студентазе кьуна цIикIкIараб калория бугеб кванил порция. Макьу тараб сардидаса хадуб гIолохъанал гIадамаз цIикIкIараб къадар кванил цебе босана, макьу гIураз дагьаб квен лъуна цебе. Гьелъ бицуна макьу гIеялъул бугеб пайда.

* Дагьаб канлъи бугеб бакIалда бетIер къадарго хIалтIула, ай дагьлъула гIадалзул нахул ракIалда жо чIеялъул бажари, хехлъи борцине, хIисаб гьабизе жаваб кьолеб бутIаялъул хIаракатчилъиги. Гьеб чIезабуна америкаялъул гIалимзабаз.

# Лечение больных за пределами РД

**Что делать, если в поликлинике, в которой застрахованный по ОМС гражданин получает медицинскую помощь, нет специалиста нужного профиля?**

В этом случае лечащий врач, назначивший застрахованному гражданину по медицинским показаниям консультацию специалиста, обязан выдать пациенту направление в другую медицинскую организацию, работающую в системе ОМС, где ему в плановом порядке по предварительной записи будет бесплатно предоставлена необходимая консультация. При затруднениях в организации консультации рекомендуем обращаться к заведующему отделением, главному врачу поликлиники или его заместителю, в управление здравоохранением муниципального образования (его телефон и адрес должны бить в вестибюле поликлиники и в регистратуре), а также в застраховавшую пациента по ОМС страховую медицинскую организацию.

**Я не работаю, нахожусь в отпуске по уходу за ребенком, проживаю в Республики Дагестан, но имею полис ОМС, выданный в г. Ставрополь. Каким образом мой ребенок может получить бесплатную медицинскую помощь в поликлинике? Как мне получить на него медицинский полис?**

Полис ОМС на несовершеннолетнего, как на неработающего гражданина, можно получить только по месту регистрации ребенка (прописки). Далее с этим полисом, свидетельством о рождении и документом, подтверждающим законность Вашего или отца ребенка проживания на территории РД Вам необходимо обратиться в поликлинику по месту жительства, где ребенка поставят на учет.

**В каких случаях происходит замена одного полиса на другой?**

Замена страхового медицинского полиса производится страховой медицинской организацией в случаях:

- изменения фамилии, имена, отчества, адреса застрахованного гражданина (представляется заявление застрахованного, подтверждающие документы и прежний полис ОМС);
- потери полиса (представляется заявление застрахованного);
- ветхости и непригодности полиса (представляется прежний полис и получается новый на основании подтверждающих документов);
-обнаружения ошибок в записях полиса (представляется заявление застрахованного, подтверждающие документы и прежний полис).

**Где и как человек может получит полис обязательного медицинского страхования – работающий, студент, учащийся школы, дошкольник, пенсионер?**

Страховой медицинский полис является документом, подтверждающим заключение в отношении гражданина договора обязательного медицинского страхования. Застрахованному гражданину полис ОМС выдается страховой медицинской организацией бесплатно. Граждане, работающие в организациях и учреждениях, зарегистрированных в РД, полисы ОМС получает по месту работы или в пунктах выдачи полисов страховой медицинской организации. По месту работы граждане получают полисы ОМС без предъявления документов, в пункте выдачи полисов – предъявляют паспорт (иностранные граждане – документ, удостоверяющий личность) и справку с места работы. Неработающие граждане, проживающие в РД, полисы ОМС получают в пунктах выдачи полисов страховой медицинской организации по месту жительства, на основании предъявленных документов:

-дети до 14 лет (их родители или иные законные представители) – свидетельства о рождении и документа, подтверждающего место жительства ребенка в РД, или паспорта;

-женщины от 60 лет, мужчины от 14 до 65 лет – заявления о выдаче полиса ОИС, паспорта или другого документа, удостоверяющего личность;

-женщины старше 60 лет, мужчины старше 65 лет – паспорта или иного документа, удостоверяющего личность, пенсионного удостоверения.

Студенты, учащиеся дневных отделений общеобразовательных учреждений РД – паспорта и справки с места учебы.

**Я жена военнослужащего, ни на одной территори РФ не имею регистрации места жительства. Где я могу получить полис ОМС?**

Работающие граждане получают полис ОМС по месту работы. Неработающим гражданам РФ и не имеющим регистрации места жительства на территории РФ в соответствии с действующими в системе ОМС РД нормативно-распределительными документами полисы ОМС не выдаются.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

## ЛЪАЗАБИ

ХарачIи ООШалъ 20I4 соналъул 5 августалда МухIамадов Зумрад МухIамадовичасул цIаралда кьураб, 05 БВ 0I34476 бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

ХарачIи ООШалъ 20I4 соналъул 5 августалда МухIамадова ХIурулгIин МухIамадовналъул цIаралда кьураб 05 БВ 0I34477 бугеб аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**398940**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**51373**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 15. 10. 19 г. 16:25
фактически -16:45 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.